

PROGRAM NO: 214

PAEDAHIPUN MESEM / AJI ING NGARSANE GUSTI

Pamiyarsa, ingkng dipun sihi gusti,

Sugeng pinanggih malih kaliyan kula ibu lilik kaliyan bapa pdt. Pujianto, wonten ing adicara Cahyaning agesang. Kados pundi kawontenan panjenengan? Menapa sae, sehat lan tansah kasinungan karahayon saking gusti ingkang maha asih? Inggih tamtunipun pandonga kula kados makaten, panjenengan sabrayat sami sehat, bagas waras, saget makarya kanthi sae, lan tansaha kasinungan tetrem rahayu. Nanging naminipun tiyang gesang, kala-kala ugi wonten mboten sekeconipun, nah menawi ing antawisipun panjenengan wonten ingkang sawek nandhang sakit, utawi wonten prakawis ing gesang panjenengan ingkang kedah panjenengan rampungaken, panjenengan ampun nglokro, pangajeng-ajeng panjenengan lan iman kapitadosan panjenengan tetep panjenengan eneraken dhateng gusti, awit namung gusti ingkang kagungan panguwaos paring pitulungan ingkang sejatos. Saking studio kula ngaturaken sugeng midhangetaken.

Pamiyarsa.

Saben kita tamtu mboten remen menawi ningali tiyang sanes tansah mrengut, lan kita tamtu bingah menawi kawontenan kita dados berkah tumrap tiyang sanes, lan ing pundi papan kawontenan kita tansah dipun antu-antu kaliyan tiyang sanes. Supados kawontenan kita dados berkah lan dipun antu-antu tiyang sanes inggih menika kanthi cara purun mesem kaliyan tiyang sanes. Nah ing ngirki kula badhe ngaturaken bab mesem, mangga dipun pidhangetaken.

Pamiyarsa.

Mesem, mbok bilih manut panjenengan lan kula setunggaling tumindak ingkang limrah lan gampang. Kantun narik lambe lan ngitingalaken waja. Nanging ing kahanan tinamtu mboten gampang katindakaken. Umpaminipun ing wekdal kathah masalah, ing wekdal kita sayah lsp. Tamtu badhe mesem kemawon angel. Mesem panci wonten sambung rapetipun kaliyan watekipun tiyang, wonten tiyang ingkang gampang mesem utawi murah seyum, ngantos ing wekdal sisah kemawon mboten ketinggal, amargi tansah mesem. Lan wonten tiyang ingkang angel mesem. Nanging mesem ugi wonten sambung rapetipun kaliyan swasana ing manah, lan jiwa. Umpaminipun tiyang ingkang bingah tamtu gampang mesem lan tiyang ingkang sisah mboten saget mesem. Mesem ugi wonten daya pengaruhiipun kaliyan kesarasaning badan, tataraning stres lan daya tarik lsp. Lan wonten ingkang gadhah pamanggih Mesem ugi saget murugaken awet enem.

Pamiyarsa.

Menapa mesem ugi wonten gegayutanipun kaliyan kesarasaning badan lan gesangipun manungsa ?

Manut waosan ingkang kula waos, mesem gadhah daya pengaruh tumrap kesarasaning badan. Lan ing kitab suci ugi kaserat bilih "manah ingkang bingah minangka obat ingkang manjur". Liripun menawi manah kita bingah ateges kita kathah mesem saget murugaken sehat. Lajeng menapa paedahipun mesem :

1. Mesem saget murugaken tiyang langkung nyengsemaken.
2. mesem saget ngribah swasananing manah. Ing wekdal manah kita sisah, menawi kita saget mesem tamtu kasisahan kita saget langkung entheng.
3. mesem saget ngrangsang/ nulari tiyang sanes ugi mesem. Ing wekdal kita mesem, swasana ing kiwa tengen kita saget langkung sumringah, kanthi makaten tiyang ing kiwa tengen kita, ugi badhe derek bingah.
4. Mesem ugi saget ngindhakaken sistem imun (kekebalan tubuh). Kanthi makaten saget murugaken badan langkung kiyat lan mboten gampil nandhang sakit.
5. Amargi mesem saget ngirangi stres, pramila mesem ugi saget kangge ngirangi tekanan rah ingkang inggil.
6. ing wekdal kita mesem badan kita ngasilaken zat ingkang saget kangge ngirangi raos sakit.
7. mesem saget murugaken otot ing pasuryan langkung kendho kanthi makaten saget murugaken awet enem.

Makaten kalawau pamiyarsa paedahipun mesem tumrap badan lan gesang kita, pramila mangga kita tebihaken gesang kita saking raos kepenek, depresi, lan lan pikiran-pikiran ingkang awon kanthi mesem, tamtunipun mesem ing papan ingkang pener lan pas. Lan kita miwiti paring esem kaliyan tiyang ingkang wonten ing kiwa tengen kita, kanthi makaten kita saget paring daya pengaruh ingkang sae dhumateng tiyang sanes, lan gesang kita saget kasil lan dados berkah tumrap tiyang sanes.

Pamiyarsa.

Selajengipun kita badhe sesarengan kaliyan bapa Pdt pujianto. Ingkang kados ing padatan badhe ngaturaken gegilutan kanthi irah irahan aji ing ngarsaning Gusti'. mangga dipun semak, lan mugni panjenengan nampi wucalan ingkang sae tumrap gesang panjenengan.

Pamiyarsa.

Ing negari India wonten setungaling bangunan ingkang misuwur ing saindengeng jagat, bangunan kalawau endah sanget lan dipun bangun dening pangeran ingkang asmanipun Shah Jehan. Sang pangeran mbangun bangunan kalawau kangge ngemut-emut garwanipun ingkang dipun tresnani, ingkang asmanipun Muntas Ul Zamani. Ibu Muntas menika garwanipun sang pangeran ingkang nomer tiga, sang pangeran sanget tresnan dhumateng ibu Muntas, amargi piyambakipun

setya sanget kaliyan sang pangeran. Ibu Muntas setya dampingi sang pangeran (kakungipun), anggenipun nindakaken sedaya tugas tanggel jawabipun, sae menika ing salebeting kraton lan ing sakjawinipun kraton. Nanging emanipun gesangipun ibu Muntas mboten dangu, ibu muntas seda ing sisihipun sang pangeran, saksampunipun mbabaraken prutranipun ingkang nomer 14. Manggihaken kahanan ingkang kados makaten, garwanipun seda, tamtu manahipun sang pangeran sanget dene kaget, nggetun, lajeng ngantos sedangunipun 2 tahun sang pangeran mboten purun medal saking griya, awit sisah sanget. Kangge ngemut-emut garwa ingkang dipun tresnani sang pangeran lajeng ngutus andhahanipun, mbangun setunggali monumen/tugu ingkang nglambangaken katresnanipun sang pangeran dhumateng garwanipun.

Bangunan ingkang inggilipun 60 meter, kawangun saking watu marmer lan wonten perangan-peranganipun ingkang dipun ukir, dipun rias lan dipun lapisi emas, perak lan berlian. Ningali kaendahanipun bangunan kalawau saben tiyang ingkang ningali tamtu eram, nggumun. Bangunan kalawau dipun paringi nami Taj Mahal. Mbok bilih panjenengan sami sampun nate mireng nami menika. Utawi panjenengan sampun nate ningali.

Ningali Taj Mahal, saben tiyang tamtu ngakeni bilih mboten wonten bangunan sanes ingkang mandingi kaendahanipun. Bangunan kalawau saestu wujud ingkang lebet sanget saking setunggaling pangeran dhateng garwanipun, kanthi makaten bangunan kalawau ngantos ing dinten menika, dados lambangipun katresnan ingkang sejatos. Bangunan kalawau anggenipun bangun nyangkutaken kathahipun 20.000 tiyang, dangunipun 22 tahun, dipun bangun dening ahli rancang bangunan (Arsitek), lan seniman kaligrafi ingkang paling pinter saking saindenging negari India, persia, lan Turki.

Pamiyarsa.

Sinaosa Taj Mahal kabangun tahun 1631, nanging ngantos dinten menika bangunan menika taksih tiyang ingkang eram amargi kaendahanipun. Lan ewon tiyang saking saindenging jagat, kanthi sengaja ndhatengi negari India kanthi pangajab ningali secara langsung kaendahanipun lambang katresnanipun kakung estri ingkang sejatos, lan ingkang langkung istimewa bangunan Taj Mahal menika minangka pisungsungipun tiyang kakung dhateng garwanipun ingkang saestu dipun tresnani. Mbok bilih dereng wonten tiyang kakung ingkang ndamel monumen kangge ngemut-emut garwanipun, ingkang saenipun kados Taj Mahal.

Pamiyarsa.

Ibu Muntas saestu aji tumrap kakungipun inggih menika sang pangeran, ngantos dipun ndamelaken monumen ingkang endah kangge ngemut-emut piyambakipun. Nah pamiyarsa, kados pundi tumrapping panjenengan lan kula ? tamtu panjenengan kepingin kados ibu Muntas ta ? ingkang dipun tresnani lan dipun ajeni kaliyan kakungipun ? kita sedaya tamtu kepingin tansah dipun

tresnani lan kita ugi kepingin ningali bukti menawi kita dipun tresnani. Kathah wanita ingkang rumaos dipun ajeni, ing wekdal kakungipun pundhutaken/ ngaturi rerenggan ingkang endah, mina minangka wujud katresnanipun, lan kathah ugi wanita ingkang rumaos dipun tresnani ing wekdal kakungipun nudhutaken griya ingkang endah, lan ugi kathah wanita ingkang rumaos dipun ajeni lan dipun tresnani dening kakungipun sinaosa mboten dipun paringi hadiah, nanging kakungipun tansah ngalembana lan ngajeni.

Pamiyarsa.

Kathah wanita ingkang gesangipun kebak sukarena awit wonten tiyang ingkang nresnani, ingkang ngajeni, lan merduli. Lan kathah wanita ingkang gesangipun kebak sukarena amargi ing sakiwa tengenipun kathah tiyang ingkang sae, ingkang tansah paring kawigatosan, lan paring menapa ingkang dipun betahaken. Nanging pamiyarsa.... kathah ugi wanita ingkang gesangipun sengsara, kasepen, rumaos mboten kajen, rumaos asor, lan rumaos sengsara secara lahir batin. Kita asring maos lan mireng bilih wonten ewon TKW ingkang rumaos dipun sisihi, dipun ina, dipun rampas kehormatanipun, lan keluwen. Kita ugi asring mireng katahah tiyang estri ingkang dipun aniaya,lan dipun lirwaaken kaliyan kakungipun.

Pamiyarsa.

Kados pundi kawontenaning gesang panjenengan ing wekdal menika ? menapa panjenengan saweg rumaos begja, bingah amargi wonten tiyang-tiyang ingkang nresnani panjenengan, wonten tiyang-tiyang ingkang nggatosaken panjenengan lan wonten tiyang-tiyang ingkang ngalembana, lan ngajeni panjenengan ? utawi menapa panjenengan ing wekdal menika saweg rumaos kasepen, rumaos sengsara, saweg sedhih, rumaos dipun ina, amargi tiyang-tiyang ing kiwa tengen panjenengan sami ngliirwaaken panjenengan, nyisihi panjenengan lan nampik panjenengan ? Pamiyarsa pangajab kula tamtunipun kahanan panjenengan mboten kados makaten, nanging menawi ing wekdal panjenengan panci saweg ngadhepi kahanan ingkang kados makaten, rumaos mboten dipun tresnani, rumaos mboten kajen, panjenengan ampun sedih amargi panjenengan wonten priyantun ingkang dipun titahaken dening Gusti Allah, ingkang dipun tresnani dening Gusti Allah.

Wonten kathah prakawis ingkang nedahaken/ dados bukti bilih Gusti Allah saestu nresnani panjenengan lan kula minangka umat kagunganipun.

Inkang sepindah : kita kaganjar kadrajatan lan kamulyan dening Gusti.

Raja dawud ngandika makaten : (Jabur 8 : 4 – 9 / kitab suci basa padintenan)

8:4 Menawi kawula tumenga ing langit, ningali pakaryaning asta Paduka, nyawang dhateng rembulan lan lintang-lintang ingkang Paduka tata.

8:5 Menapa ta ajinipun manungsa, déné Paduka èngeti? Manungsa kanggé menapa, déné Paduka opèni?

8:6 Piyambakipun Paduka dadosaken kaot sekedhik ajinipun kaliyan Paduka, sarta Paduka ganjar kadrajatan lan kamulyan?

8:7 Piyambakipun Paduka paringi pangwasa mengku para titah Paduka; sarta samukawis Paduka telukaken ing sangandhaping tlapakanipun;

8:8 inggih sakathahing ménda, lembu dalah sato kéwan ing ara-ara,

8:9 peksi ing awang-awang lan ulam ing seganten, lan sedaya tumitah ingkang wonten ing telenging samodra.

Pamiyarsa.

Kita manungsa benten kaliyan titahipun Gusti ingkang sanes, kita kaganjar kedrajatan lan kamulyan, kita kaganjar nguwaosi sedaya titahipun gusti. Nanging mboten namung makaten kemawon, wonten malih ingkang dipun paringaken dening Gusti dhumateng kita, ingkang langkung aji saking menapa kemawon inggih menika katresnan lan gesang langgeng. Pangandikanipun Gusti ngandikaaken makaten :

Yeremia 31:3b : Aku selawasé tresna marang kowé, mulané Aku tansah ngetingalaké kasetyan-Ku marang kowé.

Lajeng Gusti ugi ngadika ;

Yokanan 3:16 : Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng.

Pamiyarsa.

Panjenengan lan kula saestu aji ing ngarsanipun Gusti, pramila menika Gusti mboten ngeraaken gesang kita manggih karisakan, nanging Gusti ngeraaken kita gesang langgeng. Gesang langgeng inggih menika prakawis ingkang saestu dipun kersaaken dening Gusti piyambak, amargi Gusti saestu nresnani umat kagunganipun. Kanthi makaten pamiyarsa.... menawi ing wekdal menika panjenengan rumaos dipun ina , mboten dipun ajeni, mboten wonten ingkang nresnani panjenengan, panjenengan pitados dhumateng Gusti. Gusti allah saestu nresnani panjenengan, Gusti Allah paring gesang langgeng dhumateng kita. Menawi kita saestu pitados lan setya dhumateng Gusti, pramila kita badhe nampi menapa ingkang dipun paringaken Gusti, inggih menika gesang langgeng.

Pamiyarsa.

Kula badhe maosaken sepindhah malih menapa ingkang dipun paringaken dening Gusti dhumateng kita minangka wujud katresnanipun Gusti dhumateng kita, lan nedahaken bilih kita aji ing ngarsanipun Gusti, pangandikanipun Gusti ngandika makaten :

Yokanan 3:16 : Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng. Amin.

Mangga kita sesarengan tumungkul ing ngarsanipun Gusti lan ndedonga:

Pamiyarsa.

Panjenengan sampun cetha ta kaliyan menapa ingkang dipun aturaken bapa Pdt Pujianta kalawau ? kita aji ing ngarsanipun gusti. Ngantos panjenenganiPun masrahaken putra ontang-antingipun supados manungsa nampi gesang langgeng. Kados ingkang kaserat ***Yokanan 3:16 : Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng. Amin.***